



Reniblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Mesye dam

Seremoni jodi a se yon lòt etap sou chimen lang kreyòl ayisyen an pou l rive jwe ròl li nan devlopman peyi d'Ayiti)

Chimen an long. Men nou konnen kote nou sòti, nou konn kote nou vle rive.

Mesye dam akademisyen yo, nou rejwenn jodi ya tout moun ki anvan nou te travay e ki ap travay pou fé respekte lang kreyòl la, pou fè respekte diyite ayisyen an. Map fè nou sonje rekomandasyon Oslo a sou dwa lengwistik: ""La langue est l'une des composantes les plus fondamentales de l'identité humaine . De ce fait, le respect de la dignité d'une personne est intimement lié au respect de l'identité de cette personne, et par conséquent de la langue de cette personne.""Ki donk ou paka respekte diyite yon moun, ou paka respekte dwa kretyen vivan li genyen si ou pa respekte idantite li, si ou pa respekte lang li. Respekte lang kreyòl se kwè li gen kapasite pou l rampli tout fonksyon yon lang dwe rampli nan yon sosyete. Rive jounen jodi a, kijan nou sèvi ak kreyòl? Ki jan nou dwe sèvi ak kreyòl? Kouman Akademi kreyòl la ka ede lang kreyòl la jwe ròl li tout bon nan soskreyete a?

Lang kreyòl nan tan pase

Mesye dam akademisyen yo ak asistans la mwen vle raple nou kèk pa nou fè sou chimen an: Nan lane 1930 -1934 ...Presidan Vincent kòmanse kanpay edikasyon riral. Yo sèvi ak lang kreyòl pou bay edikasyon. Nan lane 1943, Prezidan Lescot pran mezi pou ranfòse edikasyon granmoun. Li kreye Biwo pou edikasyon granmoun

Nan lane 1948, Prezidan Estime lanse yon pwogram nan sidès. Pwo gram pou montre granmoun li, ki gen volè sante tou.

Nan lane 1957, sou Francois Divalyen, Kreyòl vin gen plas li nan konstitisyon peyi a. Atik 35 konstitisyon an pa li plas li. Nan ane 1978 inivèsite a fonde fakilte lengwistik. Lang kreyòl antre nan ansèyman siperyè an Ayiti. Nan lane 1979, Refòm Bèna a vin renfòse izaj kreyòl, vin ofisyalize kreyòl nan ansey man. Lwa 28 septanm 1979 la endike : " L'usage du créole, en tant que langue commune parlée par les 90% de la population haïtienne est permis dans les Ecoles comme langue instrument et objet d'enseignement." Nan lane 1983, Atik 62 konstitisyon menm ane a rekonèt kreyòl kòm lang nasyonal : "Les langues nationales sont le français et le créole. Le français est la langue officielle de la République." Nan lane 1987 nan nouvo Konstitisyon



Repiblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



an nou li : " Sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm, se lang kreyòl. Kreyòl ak franse se lang ofisyèl Repiblik dAyiti." kreye

Nou ka rann nou kont ke depi lontan na p sèvi ak kreyòl pou nou fè alfabetizasyon e pa gen lontan yon ti ponyen moun rekonèt plas li nan ansèyman. Eske se nòmal pougen ayisyen toujou ki pa kwè kreyòl se yon lang kou tout lang? Nou pa p reponn kesyon an. Nap voye je nou pito sou istwa lang franse ak angle nan yon ti bout tan.

Franse angle pa t toujou gen prestij yo genyen kounyè

Nan epòk Haut moyen âge an Frans, laten te lang legliz. Se te lang aristokrasi, lang diplomasi. Lè sa a, lang franse se te lang lari a. Li pa te gen prestij li ta pral genyen an apre. Nan epòk Moyen Âge Central (nan onzièm, douzièm, trèzièm syèk...) lang franse kòmanse pran pye an frans. Li vin lang diplomasi, lang pale nan gran salon (salon moun save). Nan menm epòk sa a, lang franse te gen prestij an angletè. Lè ou te pale franse nan peyi sa a, ou te distengue ou. Lang angle se te lang lari a, lang yo pa te konsidere.

Franse fè anpil chimen anvan li vin genyen pestij entènasyonal nan 18^{èm} syèk. la¹. Lang angle fè anpil chimen avan li vin gen reyònman li genyen kounye a.

Mesye dam menm jan pou angle ak franse nou ka di: chimen an long. Men nou konnen kote nou sòti, nou konnen kote nou vle rive. Nou vle rive nan yon peyi kote yo respekte dwa lengistik ayisyen an. Dwa pou tout ayisyen jwenn tout sèvis nan lang kreyòl. Yon peyi ki kanpe lang li tout bon. Ki sèvi ak lang li pou pote konesans tribò babò sou teritwa a.

Jodi a nou bay tèt nou yon mwayen en plis pou nou fè lang kreyòl tounen lang sosyete ayisyen an tout bon. Pou nou fè li sèvi moyen pou lasyans, lateknoloji gaye sou tout teritwa peyi a. Jodi a nou bay peyi a yon Akademi. Akademi kreyòl Ayisyen.

Akademi Kreyòl Aysyen nan sosyete nou an jodi a

Gen moun ki panse yon akademi pa ka fè yon lang avanse, paka pèmèt kreyòl tounen zouti sa nou vle a. Mwen konprann yo lè nou konsidere nan ki sikonstans nan lane 1635 Richelieu an Frans te Kreye Académie française. Atik XXIV estati akademi an di: " la principale fonction de l'Académie sera de travailler avec tout le soin et toute la diligence possibles à donner des règles



Reniblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



certaines à notre langue et à la rendre pure, éloquente et capables de traiter les arts et les sciences."

Tan lontan pa tan jodi a. Akademi Ayisyen pa gen pou li di ki jan pou moun pale, ni pou fè gramè ak diksyonè. Mwen kwè mesye dam akademisyen yo, nou avanse anpil nan domèn lengwistik. Nou pap tounen dèyè sou zafè gramè ak diksyonè kreyòl. Gen anpil dokiman ki egziste. Nou pap tounen dèyè sou zafè ki jan pou nou ekri kreyòl. Dekrè 31 janvye 1980 an fikse yon òtograf ofisyèl. Mesye dam akademisyen yo, pwoblèm lang pa pwoblèm lengwistik sèlman. Pwoblèm lang konsène pwoblèm sosyolengwistik, sosyopolitik ak sosyokiltirèl tou.

Se nan bi pou brase lide sou tout aspè sa yo Inivèsite leta a te òganize sòti 27 pou rive 29 oktòb 2011 kolòk sou : Akademi Kreyòl Ayisyen : ki pwoblèm ? ki avantaj? Ki defi? Ki avni?. Mesye dam asistans la n ap pèmèt mwen rekòmande nou lekti ak kolòk sa a pou nou ka konprann kesyon lang pa piti menm, pou nou konprann rol Akademi kreyòl dwe jwe jodi a.

Mwen panse Akademi an dwe jwe yon rol empòtan sou plan nasyonal ak sou plan entènasyonal

Sou plan nasyonal

Sou plan nasyonal, Akademi an dwe enkouraje Leta pou li defini yon politik lengistik ki gen baz li nan reyalye sosyal ak ekonomik peyi a. Li dwe pou mwen repete kèk pasaj Lwa pou Kreyasyon Akademi kreyòl Ayisyen an :

- Pran tout dispozisyon pou ede popilasyon ayisyen an jwenn tout sèvis li bezwen nan lang kreyòl la;
- Fè tou sa ki nesèsè pou fè kreyòl la gen bonjan reyònmman ak prestij nan je popilasyon ayisyen nan sosyete a;
- Travay pou enstitisyon leta yo aplike Konstitisyon an nan piblikasyon tout dokiman ofisyèl yo nan lang kreyòl.
- Travay pou enstitisyon rejyonal yo sèvi ak lang kreyòl la pou entegrasyon popilasyon kreyolofòn yo.



Reniblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Sou plan entènasyonal

Sou plan entènasyonal, n ap souliye yon pasaj nan lwa nou sòt site a : Akademi an dwe fè tout sa ki nesèsè pou Ayiti jwe wòl li kòm lidè nan monn kreyolofòn nan. Mesye dam asistans la, Ayiti, Saint Lucie, la Dominique totalize trèz milyon moun nan karayib la ki pale kreyòl. Nou pi plis pase 60% kreyolofòn nan karikòm. Nou dwe lite pou kreyòl, kreyòl ayisyen an vin yon lang travay nan karikòm.

Kreyòl nan karikòm se yon atou politik, ekonomik pou Ayiti. Sa ka pèmèt nou leve prestij Ayiti, leve prestij lang nan. Sa ka bay ouvèti pou Ayisyen travay kòm tradiktè, entèprèt nan rejyon an. Sa ka pèmèt plis moun nan rejyon an enterese nan Kreyòl. Ki vle di plis diksyonè ap vann, plis liv ayisyen ap vann.

Mesye dam akademisyen yo, mesye dam otorite leta a, mesye dam asistans la, chimen an long. Men nou konn kote nou sòti nou konn kote nou vle rive. Nou vle rive nan yon peyi ki rekonèt dwa tout aisyen pou patisipe nan devlopman peyi a. Nou vle rive nan yon peyi ki itilize lang li pou pote konesans bay pèp li nan tou sa ki konsène pwoteksyon anviwoònman, teknoloji, lasyans, la sante. Nou vle rive nan yon peyi ki deside jwe rol lidè nan karayib la. Nou kapab fè sa ak kilti nou ak istwa nou. Mesye dam se nan Ayiti sa a nou vle rive.

Mesye dam n ap pèmèt mwen di nou fòk nou travay pou nou chanje imaj peyi a, pou nou devlope peyi a si nou vle bay lang nou an prestij. Nou dwe konpran kesyon lang pa piti. Konba dwe jwe sou teren lengwistik, sou teren ekonomik ak kiltirèl. Li dwe jwe sou teren politik la tou. Sou teren politik la sitou.

Pou mwen fini m ap salye tout moun ki ede nou rive nan jounen jodi a. Nou paka bliye ròl inivèsite leta a, an patikilye vis rektora rechèch la ak vis rektè a. Ròl komite pou tabli akademi kreyòl la, prensipalman sekretè egzekitif la. Nou remèsye laprezidans, la primati pou prezans yo. A tout asistans la m ap di: Chimen long pa chimen long, nap rive kanmèn nan Ayite nou reve a.

Mèsi

Jean Vernet Henry
Recteur